

# Tibebe w la Bezwen Sipò pou Kominikasyon

**Enskri tibebe w la nan Entèvansyon Prekòs avan laj 6 mwa.**



- Si tibebe w la soud oswa gen difikilte pou tande, depatman sante lokal ou a ka konekte w ak sèvis gratis pou ede fanmi w. Pwogram Entèvansyon Prekòs (Early Intervention Program) nan Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health, NYSDOH) gen sèvis espesyal pou sipòte devlopman langaj prekòs tibebe w la.
- Plis ou kòmanse sèvis Entèvansyon Prekòs la bonè, plis li posib pou tibebe w la devlope kominikasyon ki apwopriye pou laj li.
- Odyolojis ou a (yon espesyalis nan swen odizyon), yon pedyat, oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante ka ede konekte w ak yon sèvis Entèvansyon Prekòs nan konte oswa awondisman w lan.
- Ou kapab kontakte tou Biwo Entèvansyon Prekòs (Bureau of Early Intervention) NYSDOH la nan:
  - > Telefòn: **(518) 473-7016**
  - > Imèl: **beipub@health.ny.gov**

**Tanpri prepare w pou bay enfòmasyon sa yo lè w kontakte Pwogram Entèvansyon Prekòs la:**

Non Tibebe w la \_\_\_\_\_

Dat Tibebe w la Fèt \_\_\_\_\_

Non Paran/Moun k ap Bay Swen an \_\_\_\_\_

Adrès Paran/Moun k ap Bay Swen an \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Paran/Moun k ap Bay Swen an \_\_\_\_\_

Imèl Paran/Moun k ap Bay Swen an \_\_\_\_\_

Non Odyolojis la \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Odyolojis la \_\_\_\_\_

Imèl Odyolojis la \_\_\_\_\_

## **Kisa k ap pase aprè?**

- Yon moun nan Entèvansyon Prekòs la ap kontakte w pou pwograme yon evalyasyon.
- Li enpòtan pou yon paran oswa yon moun k ap bay swen patisipe nan evalyasyon sa a.
- Si w pa jwenn repons nan men sèvis Entèvansyon Prekòs la nan anviwon yon semèn, tanpri kontakte Biwo Entèvansyon Prekòs NYSDOH la.



Pou plis enfòmasyon: [health.ny.gov/EHDI](https://health.ny.gov/EHDI)



**Department  
of Health**